



Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

Enfòme. Edike. Defann.

Tranzisyon nan Laj 3 Zan pou Timoun ki gen Andikap

YON TI KOUT JE

Anba Ak Edikasyon moun ak Andikap yo (IDEA) ak mezi nan eta Delaware, ti bebe ak timoun piti ki gen andikap (0 a 3 zan) ansanm ak fanmi yo kalifye pou resevwa sèvis entèvansyon bonè. Epitou, anba IDEA ak lwa nan eta a, Timoun ak Jènn ki gen andikap (3 zan jiska 21 lane) kalifye pou resevwa bon edikasyon gratis (FAPE) ki gen ladan I edikasyon espesyal ak lòt sèvis.

Genyen yon gwo diferans ant 2 pwogram sa yo, e li enpotan pou paran yo, sistèm entèvansyon bonè a, ak sistèm lekol la travay ansanm pou planifye yon bon tranzisyon pou timoun ki gen andikap ki pral gen laj 3 zan pandan elijibilite sèvis entèvansyon bonè a pral fini.



KISA KI YON IFSP AK YON IEP?

Pwogram Planifikasyon dokiman pou chak timoun and fanmi nan sèvis entèvansyon bonè yo rele plan endividyalize pou fanmi oubyen IFSP.

Planifikasyon dokiman pwogram edikasyon espesyal pou chak timoun ak lòt sèvis yo rele pwogram edikasyon endividyalize, oubyen IEP.

KOMAN KRITÈ SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ POU TIMOUN ANVAN 3 LANE AK EDIKASYON ESPESYAL AK LOT SÈVIS POU TIMOUN NAN LAJ 3 LANE DIFERAN?

Yon ti bebe oubyen yon timoun piti, nan laj 0 pou rive 3 lane, ansanm ak fanmi timoun nan, kalifye pou resevwa sèvis entèvansyon bonè si timoun nan gen yon reta nan devlopman nan youn nan youn...

Pou plis enfomasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta ki la pou ede paran angaje yo nan edikasyon pitit yo.

Nan 5 zòn developman yo—mantal,fizik (enkli wè ak tandé), komunikasyon, sosyal oubyen emosyonèl, oubyen adaptasyon; oubyen (2) Timoun nan ke yon dyagnostik fizik oubyen mantal ki gen yo gwo enpak nan developman anreta timoun nan menm si timoun poko prezante 25% nan developman anreta nan 5 zòn developman yo.

Komanse nan laj 3 zan, yon timoun ki gen andikap kalifye pou resevwa FAPE/edikasyon espesyal ak lòt sèvis si timoun nan gen youn oubyen plis nan 14 kategori andikap yo jan kondisyn Edikasyon espesyal nan Delaware mande sa, akoz andikap sa timoun nan bezwen edikasyon espesyal ak lòt sèvis.

Paske kondisyon elijibilite sa yo diferan de youn lòt, anpil timoun jiska 3 zan ki kalifye pou resevwa sèvis entèvansyon bonè pap kalifye pou resevwa FAPE/edikasyon espesyal ak lòt sèvis lè yo rive nan laj 3 zan.

KI AJANS KI BAY SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ JISKA LAJ 3 ZAN AK FAPE/EDIKASYON ESPESYAL AK LOT SÈVIS KOMANSE NAN LAJ 3 ZAN?

Nan Delaware, òganizasyon kap gade developman timoun responsab pou bay sèvis entèvansyon bonè (yon pati nan depatman sante nan Delaware ak lot sèvis yo) anba sipèvizon pwogram birth to three. Distri lekol yo bay sèvis FAPE/Edikasyon Espesyal ak lòt sèvis anba sipèvizon depatman edikasyon nan Delaware.

KOMAN SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ POU TI BEBE AK TIMOUN PITI KI GEN ANDIKAP, NAN LAJ 0 JISKA 3 ZAN, DIFERAN AK EDIKASYON ESPESYAL AK LOT SÈVIS POU TIMOUN KI GEN ANDIKAP KOMANSE NAN LAJ 3 ZAN?

Paran se sant sèvis entèvansyon bonè pou timoun jiska laj 3 zan, fokis sou ede paran sipòtè developman pitit yo, generalman sèvis sa yo bay lakay oubyen an kominate. Kòm yon sipò pou fanmi an, chak timoun ak fanmi yo genyen yon kòdinatè kap asiste paran an pou l'jwenn aksè ak sèvis ke timoun nan ak fanmi an bezwen, e travay ak fanmi an pou kòdine sèvis entèvansyon bonè yo nan men ajans ki responsab pou sa.

(ale nan lòt paj la)

Pou plis enfòmasyon ale sou visit www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



Office of Special Education Programs
U.S. Department of Education



PIC se yon òganizasyon nan tout eta ki la pou ede paran angaje yo nan edikasyon pitit yo.



Timoun yo se sant edikasyon espesyal ak lòt sèvis pou timoun ki gen andikap Komanse nan laj 3 zan, yo bay yo lekol, epi y fokis sou sipòte siksè timoun nan lekol.

Konnen ke kèk sèvis, tankou patoloji pale ak langaj, terapi okipasyonèl, ak terapi fizik, disponib anba nenpot pwogram sa pral depann de bezwen timoun nan.

KI ETAP KI DWE PRAN POU ASIRE YON BON TRANZISYON LÈ TIMOUN NAN RIVE NAN LAJ 3 ZAN SI LI KALIFYE POU SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL NAN LEKOL MATÈNÈL?

Omwen 90 jou jiska 9 mois avan twazyèm fèt timoun nan, òganizasyon kap gade devlopman timoun (CDW) dwe:

- Fè depatman edikasyon nan Delaware ak Distri lekol timoun nan Konnen ke timoun nan pral gen laj twa zan;
- Avèk konsantman paran– fè yon reyinyon ak paran, òganizasyon kap gade devlopman timoun (CDW), ak Distri lekol la dwe diskite nenpot edikasyon espesyal ak lòt sèvis ke timoun nan ap resevwa nan lekol matènèl lè yo gen laj 3 zan; e
- Etabli yon plan tranzisyon tankou yon pati nan IFSP timoun nan, ki gen ladan I tout etap ke timoun an ak fanmi I ap bezwen pou kite pwogram entèvansyon bonè a, ak lòt sèvis tranzisyon ke gwooup IFSP a identifye ke timoun nan ak fanmi an bezwen.

Pou plis enfòmasyon ale sou visit www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta ki la pou ede paran angaje yo nan edikasyon pitit yo.

POU PLIS ENFOMASYON SOU TRANZISYON NAN SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ POU EDIKASYON ESPESYAL NAN LEKOL MATÈNÈL:

Child Development Watch

<https://dhss.delaware.gov/dph/chs/chscdw.html>

New Castle Office: (302) 283-7240

Kent & Sussex Office: (302) 424-7300

Department of Health and Social Services, Birth to Three

<https://www.dhss.delaware.gov/dhss/dms/epqc/birth3/directry.html>

*Delaware Department of Education, Office of Early Learning
(302) 735-4295, early.learning@doe.k12.de.us*

Early Childhood Technical Assistance Center

<http://ectacenter.org/families.asp>

Parent Information Center of Delaware

<https://picofdel.org/>

Office: (302) 999-7394

Center for Parent Information and Resources

<https://www.parentcenterhub.org/ei-overview/>



Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (302) 999-7394



PIC se yon òganizasyon nan tout eta ki la pou ede paran angaje yo nan edikasyon pitit yo .